

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Basa téh salah sahiji pakakas komunikasi nu dipaké ku manusa. Basa kaasup pakakas vital dina hirup kumbuhna manusa, utamana basa vérbal. Basa nu dipaké ku manusa Sunda téh variatif. Urang Sunda anu dumuk di tatar Sunda ti bihari nepi ka kiwari merlukeun basa pikeun pakakas komunikasi jeung sasamana. Tangtuna éta basa disebut basa urang Sunda anu ka dituna bisa disebut basa Sunda. Basa Sunda resmi minangka basa anu madeg mandiri ti mimiti taun 1841 ditandaan ku medalna *Kamus Basa Sunda* anu munggaran (Kamus Basa Walanda-Malayu dan Sunda). Éta kamus medalna di Amsterdam, disusun ku Roorda, Sarjana basa Wétan. Nepi ka kiwari can kapuluruh iraha waktu nu pastina basa Sunda gumelar salian tina naskah-naskah jeung prasasti titinggal jaman karajaan (abad ka 14-15). Boh jaman baheula, boh jaman kiwari urang Sunda miboga pakakas komunikasi dina sababaraha ragam basa saluyu jeung kamekaran jaman katut kaayaan sosial budayana. Kitu ogé upama nurutkeun kaayaan géografis, tangtuna basa Sunda mibanda rupa-rupa variasi. Dina hakékat atawa enas-enasna, basa téh mangrupa (1) hiji sistem, (2) sora omongan (vokal), (3) simbolis, (4) arbitrér, (5) unik, (6) hiji kabiasaan, (7) komunikatif, (8) kultural, (9) barobah, (10) rinéka (Anderson, 1972:35-36), (11) ragem, (12) ngamasarakat, jeung (13) midunya (Brown dina Sudaryat, 2007).

Nilik kana perkara hakékat basa, kasampak dina hakékat basa nu ka sapuluh yén basa téh rinéka. Hartina basa Sunda nu tumuwuh di tatar Sunda utamana di Jawa Barat teu sarua. Bédana téh dumasar kana kaayaan sosial jeung kaayaan géografisna.

Nida Kania Dewi , 2013

Ragam jeung adegan basa dina upacara adat ritus tiwu panganten di kecamatan babakan kab.cimahi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Kecamatan Babakan Kabupatén Cirebon nyaéta salah sahiji daérah anu miboga basa anu rinéka dina kagiatan komunikasina. Kaayaan géografisna anu deukeut ka Kabupatén Kuningan ngawangun Kecamatan Babakan jadi daérah anu ngagunakeun dua basa pikeun pakakas komunikasina nyaéta basa Cirebon jeung basa Sunda. Hartina, masarakat kecamatan Babakan nyaéta masarakat panyatur anu nganut *bilingualisme* atawa *kedwibahasaan*. Sacara harfiah geus bisa dicangkem naon disebut bilingulisme nyaeta ngeunaan nu ngagunakeun dua basa atawa kode basa. Sacara sosiolinguistik, sacara umum, bilingualisme dihartikeun penggunaan dua basa ku saurang panyatur dina campur gaul jeung jalma sejen sacara baganti (numutkeun Mackey dina Chaer jeung Leonie Agustina, 2010:84).

Kecamatan Babakan miboga hajat anu maneuh dilaksanakeun unggal taun. Ku ayana pabrik gula di Kecamatan anu dingaranan ‘Pabrik Gula Tersana Baru’, Kecamatan Babakan ngayakeun upacara adat ritus tiwu pangantén nyaéta ngawinkeun pangantén tiwu lalaki ka pangantén tiwu awewé. Panalungtikan ngeunaan upacara adat ritus tiwu pangantén kungsi dilaksanakeun ku Fiet Haryadi dina skripsina anu dipaparin judul “Gaya Basa dina Puisi Kidung Ritus Tiwu Pangantén di Kecamatan Babakan Kabupatén Cirebon” nalika taun 2001. Dina panalungtikan nu dilakukeun ku Fiet Haryadi tétéla nu dipedar téh ngeunaan gaya basa nu aya dina kidungna, sedengkeun ngeunaan ragam basa jeung adegan basana mah can kungsi dilaksanakeun.

Dina upacara adat ritus tiwu pangantén digunakeun sakurang-kurangna tilu basa, nyaéta basa Sunda, basa Cirebon, jeung basa Indonésia. Kumaha éta tilu basa téh dipaké dina upacara adat ritus tiwu pangantén can kungsi ditalungtik, boh ragam basana boh strukturna. Ku kituna, ieu tésis dijudulan “Ragam jeung Adegan Basa Sunda dina Upacara Adat Ritus Tiwu Pangantén di Kecamatan Babakan Kabupatén Cirebon”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

Nida Kania Dewi , 2013

Ragam jeung adegan basa dina upacara adat ritus tiwu panganten di kecamatan babakan kab.cimah

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.2.1 Watesan Masalah

Upacara adat Ritus tiwu pangantén nu dilaksanakeun di Kecamatan Babakan téh mangrupa sérémonial serah terima tiwu indung, tiwu pangantén jeung tiwu séjénna ti pihak patani ka pabrik Gula Tersana Baru. Salian ti aya basa nu digunakeun dina upacara adat, aya ogé gestur ti pangeusi acara di antarana tari tradisional.

Ku lantaran ngawengku sababaraha aspék, masalah dina ieu panalungtikan diwatesanan kana ragam basa nu digunakeun dina upacara adat ritus tiwu pangantén di Pabrik Gula Tersana Baru Kecamatan Babakan Kabupatén Cirebon.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu dipedar di luhur, aya sawatara masalah nu perlu diréngsékeun. Éta rumusan masalah téh ditepikeun dina wangun ananya ieu di handap.

- a. Kumaha ragam basa nu dipaké dina waktu upacara adat ritus tiwu pangantén di Kecamatan Babakan kabupatén Cirebon?
- b. Kumaha kontéks dipakéna ragam basa dina upacara adat ritus tiwu pangantén di Kecamatan Babakan Kabupatén Cirebon?
- c. Kumaha adegan basa nu digunakeun dina upacara adat ritus tiwu pangantén di Kecamatan Babakan Kabupatén Cirebon?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun mikaweruh sarta ngadéskripsikeun ragam basa jeung adegan basa nu digunakeun dina upacara adat ritus tiwu pangantén di Kecamatan Babakan Kabupatén Cirebon.

Nida Kania Dewi , 2013

Ragam jeung adegan basa dina upacara adat ritus tiwu panganten di kecamatan babakan kab.cimahi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.3.2 Tujuan Husus

Anu jadi tujuan husus dina ieu panalungtikan nyaéta mikaweruh jeung ngadéskrripsikeun basa nu dipaké dina upacara adat ritus tiwu pangantén. Saperti ieu di handap:

- a. Ragam basa dina prak-prakan upacara adat ritus tiwu pangantén di Kecamatan Babakan Kabupatén Cirebon anu ngawengku kandaga kecapna, kana alih kode jeung campur kode,
- b. kontéks dipakéna ragam basa dina upacara adat ritus tiwu pangantén di Kecamatan Babakan Kabupatén Cirebon,
- c. adegan basa nu digunakeun upacara adat ritus tiwu pangantén di Kecamatan Babakan Kabupatén Cirebon, jeung

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan téh mibanda mangpaat tioritis patali jeung ngajembaran élmu sosiolinguistik basa Sunda. Jaba ti éta, panalungtikan basa dina upacara adat ritus tiwu pangantén bisa nambahan kaweruh kamekaran jeung adegan basa hususna basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

tina jihat praktis, ieu panalungtikan gede mangpaatna pikeun sababaraha kalangan.

Nida Kania Dewi , 2013

Ragam jeung adegan basa dina upacara adat ritus tiwu panganten di kecamatan babakan kab.cimah

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a. Pikeun panalungtik dipiharep bisa jadi pangrojong keur nulis jeung nyusun deui rupa-rupa tulisan atawa karya ilmiah,
- b. Pikeun nu maca dipiharep bisa nambahan pangaweruh ngeunaan basa sunda tur élmuning basana hususna ragam basa, campur kode, jeung alih kode.
- c. Pikeun pangajaran bisa dipaké sumber bahan pangajaran basa Sunda di sakola-sakola.

1.5 Organisasi Tulisan

Ieu panalungtikan dipidangkeun dina lima bab. Sabada BAB I bubuka anu eusina kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung organisasi tulisan, dina BAB II ulikan tiori, dipidangkeun tiori-tiori nu patali jeung basa, situasi diglosia, ragam basa, adegan basa, jeung upacara adat ritus tiwu pangantén. Pikeun ngumpulkeun jeung ngolah data, dina BAB III métode panalungtikan dipidangkeun lokasi jeung sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, Instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Hasil panalungtikan jeung pedaran dipidangkeun dina BAB IV, anu eusina ngawengku ragam basa dina UARTP, jeung adegan kecap dina UARTP.

Dina BAB V kacindekan jeung saran, dipidangkeun kacindekan hasil panalungtikan jeung saran-saran kana panalungtikan satuluyna jeung cara ngamangpaatkeun hasil panalungtikan.